



# Nouvo Nimewo Pou Viktim Vyonans Nan Kay

## Ki sa ki andedan

Fason pou aplike pou yon novo nimewo	1
Pou chanje non w sou kat ou a	3
Pou bay prèv ou bezwen an	3
Pou bloke aksè nan dosye w	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Nenpòt moun ka yon viktim vyolans familyal. Si w se yon viktim vyolans familyal, asèlman, abi, oswa kèk sitiyasyon ki mete lavi w an danje, Sekirite Sosyal ka anmezi pou l'ede w.

Kanpay sou konsyantizasyon publik souliye fason li enpòtan pou viktim yo devlope kèk plan sekirite ki gen ladan I ranmase papye enpòtan pèsonèl epi chwazi yon kote ki an sekirite pou ale. Pafwa meyè fason pou chape anba men yon agresè epi pou redui risk pou gen plis vyolans se kapab pou al abite yon lòt kote epi etabli yon novo idantite. Aprè w fin fè chanjman sa yo, sa ka nan avantaj ou pou jwenn yon novo nimewo Sekirite Sosyal.

Byenke Sekirite Sosyal pa bay novo nimewo konsa konsa, nou pral fè sa lè gen prèv ki montre gen yon moun k ap asele w oswa k ap abize w oswa lavi w an danje.

Aplike pou yon novo nimewo sosyal se yon kokennchenn desizyon. Sa ka afekte kapasite w genyen pou entè-aji avèk ajans federal ak ajans leta yo, anplwayè yo epi ak lòt moun; dosye finansye w, medikal ou, travay ou ak lòt dosye

pral sou ansyen nimewo Sekirite Sosyal ou ak ansyen non w (si w chanje non w). Si w gen entansyon chanje non w, tanpri fè sa anvan w aplike pou yon novo nimewo Sekirite Sosyal.

## Fason pou aplike pou yon novo nimewo

Ou dwe aplike an pèsòn nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal. Nou pral ede w ranpli yon deklarasyon ki eksplike rezon ki fè ou bezwen yon novo nimewo ansanm ak yon aplikasyon pou yon novo nimewo. Anplis de sa, ou dwe montre:

- Prèv ki dokimante asèlman an, abi oswa prèv ki montre lavi w an danje;
- Nimewo sekirite sosyal ou genyen kounye a;
- Dokiman ki bay prèv pou etabli:
  - Sitwayènte w kòm ameriken oswa estati imigrasyon w ki ba w otorizasyon pou travay;
  - Laj ou; ak
  - Idantite w.

- Prèv ki montre chanjman non w te fèt legalman si w te chanje non w.

Epitou, nou pral bezwen wè dokiman ki montre se oumenm ki gen chaj nenpòt timoun w ap mande nouvo nimewo sosyal pou yo ansanm ak dokiman ki pwouve sitwayènte yo kòm ameriken, laj yo ak idantite yo.

**Tout dokiman w ap prezante yo dwe se oriinal oswa kopi ajans ki pwodui dokiman sa yo sètifye. Nou paka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman sa yo ki notarye.** Nou ka itilize yon dokiman pou de bi diferan. Pa egzanp, nou ka itilize paspò ameriken w lan kòm prèv ni pou sitwayènte ni pou idantite. Oswa, nou ka itilize sètifikasi nesans Ozetazini kòm prèv pou laj ou ak sitwayènte w. **Sepandan, ou dwe bay omwen de (2) dokiman separé.**

Nou pral voye ba w nimewo w la ak kat ou a pa lapòs dèke nou genyen tout enfòmasyon w epi nou te verifye tout dokiman ou te bay yo avèk ofis ki te pwodui dokiman sa yo.

## Sitwayènte oswa estati imigrasyon

Sitwayen ameriken: Nou ka aksepte sèlman kèk dokiman kòm prèv sitwayènte ameriken. Prèv sa yo se yon sètifikasi nesans Ozetazini oswa yon paspò ameriken.

Moun ki pa sitwayen: Pou pwouve estati imigrasyon w Ozetazini, montre nou dokiman imigrasyon ou genyen kounye a tankou dokiman I-94 ou a, *Dosye rantre/sòti*, ki montre yon klas admisyon ki pèmèt ou travay, oswa fòm I-766 ou a, *Dokiman Otorizasyon Travay (Employment Authorization Document, EAD, pèmi pou travay)*. Si w se yon etidyan F-1 oswa M-1, ou dwe montre tou dokiman I-20 w lan, *sètifikasi elijiblite pou estati etidyan ki pa imigran*. Si w se yon vizitè nan pwogram echanj lan ki gen dokiman J-1 oswa J-2, montre nou DS-2019 ou a, *Sètifikasi elijiblite pou estati vizitè echanj lan*.

## Laj

Si w fèt Ozetazini: Ou dwe prezante sètifikasi nesans ou si ou gen youn. Si w pa gen yon sètifikasi nesans, li posib nou ka aksepte:

- Dosye reliye w ki te fèt anvan w te gen 5 an ki montre dat nesans ou;
- Dosye nesans ou ki sot nan yon lopital Ozetazini; oswa
- Paspò ameriken w.

Yon moun ki fèt aletranje: Ou dwe prezante sètifikasi nesans ki montre ou te fèt aletranje si w genyen l oswa si w ka jwenn yon kopi nan yon espas 10 jou ouvrab. Si w paka jwenn li, li posib nou ka aksepte:

- Paspò etranje w;
- I-551, kat rezidan pèmanan;
- I-766, kat otorizasyon pou travay (EAD, pèmi pou travay) ki sot nan DHS; oswa
- I-94 dosye rantre/sòti.

## Idantite

Nou ka aksepte sèlman kèk dokiman kòm prèv idantite. Yon dokiman ki akseptab dwe ajou (sa vle di li pa ekspire) epi li dwe montre non w, enfòmasyon ki idantifye w epi preferableman yon foto w ki resan.

Sitwayen ameriken: Sekirite Sosyal pral mande pou l wè yon lisans pou kondui Ozetazini, yon kat idantifikasyon pou moun ki pa chofè leta pwodui, oswa yon paspò ameriken kòm prèv idantite. Si w pa genyen dokiman espesifik nou bezwen yo, nou pral mande w pou n wè kèk lòt dokiman:

- Sètifikasi naturalizasyon;
- Sètifikasi US Sitwayènte;
- Kat idantifikasyon anplwaye;
- Kat idantifikasyon lekòl;
- Kat asirans medikal (pa yon kat Medicare); oswa
- Kat idantifikasyon lame ameriken.

Moun ki pa sitwayen: Sekirite Sosyal pral mande w pou n wè dokiman imigrasyon Etazini ou genyen kounye a. Dokiman imigrasyon ki akseptab se:

- I-551, kat rezidan pèmanan;
- I-94, dosye rantre/sòti avèk paspò etranje w ki pa ekspire; oswa
- I-766, kat otorizasyon pou travay (EAD, pèmi pou travay) ki sot nan DHS.

## Pou chanje non w sou kat ou a

Nou ka aksepte sèlman yon dokiman ki gen chanjman non legal yon tribunal te apwouve ki sipòte demann ou fè pou chanje non w.

## Pou bay prèv ou bezwen an

Meyè prèv nan zafè abi soti nan men tyès pati, tankou lapolis oswa pèsonèl medikal, epi yo dekri nati ak degré asèlman an, abi a oswa danje pou lavi w. Lòt prèv ka enkli yon enjoñsyon tribunal la bay pou agresè a pa pwoche bò kote w ansanm ak lèt ki sot nan yon abri pou viktim, manm fanmi, zanmi, konseye ak lòt moun ki okouran de vyolans familyal oswa abi a. Nou pral ede w jwenn tout prèv siplemantè ou bezwen.

## Pou bloke aksè nan dosye w

Ou ka chwazi pou bloke aksè elektwonik nan dosye sekirite sosyal ou. Lè w fè sa, pa gen ankenn moun, ikonpri oumenm, ki pral kapab jwenn oswa chanje enfòmasyon pèsonèl ou sou entènèt la oswa atravè sèvis telefonik otomatize nou an. Si w bloke aksè nan dosye w epi ou chanje lide w, ou ka kontakte Sekirite Sosyal epi mande nou pou nou debloke l. Ale nan [www.socialsecurity.gov/blockaccess](http://www.socialsecurity.gov/blockaccess) pou bloke aksè elektwonik nan dosye pèsonèl ou.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite

Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou

pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske  
w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret  
tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale  
avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.

**Liy asistans nasyonal pou vyolans  
familyal**

**1-800-799-SAFE (7233)**  
**(TTY) 1-800-787-3224**



Securing today  
and tomorrow

**Social Security Administration**

Publication No. 05-10093-HC | August 2017

Nouvo Nimewo Pou Viktim Vyolans Nan Kay

New Numbers for Domestic Violence Victims (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye publikasyon sa a